



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 28 avril 2014

**GOUVÈNÈ A ANONSE GEN ASISTANS AK ÈKONDISYONE POU EDE MOUN KI GEN PWOBLÈM SANTE
AKÒZ CHALÈ**

Yap bay Èkondisyone nan Kay Moun ki Gen Ti Salè sou baz Bezwen Medikal yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse gen \$3 milyon ki la pou bay èkondisyone pou Nouyòkè kalifye ki gen ti salè eki prezante dokiman ki bay eta sante yo ki vin pi mal ak gwo chalè. Eleman Asistans ak Èkondisyone nan New York State Office of Temporary and Disability Assistance's Home Energy Assistance Program (HEAP) nan pral kòmanse nan dat premye me.

"Nan moman chalè ete a ap pwoche, Eta a ap ede Nouyòkè ki nan nesosite rete san pwoblèm ak nan frechè lakay yo," te deklare Gouvènè Cuomo. "Home Energy Assistance Program lan se yon resous enpòtan anpil pou ede Nouyòkè ki gen ti salè eki gen pwoblèm sante pou yo jwenn èkondisyone epi kenbe anviwonman kote y ap viv la sen. M ankouraje tout fanmi kalifye ki nan bezwen pou yo aplike jodi a."

"Pwogram sa pral ede bay soulajman nan chalè terib ete a pou kèk nan moun pi frajil Eta New York, tankou senyò sitizen ak timoun ki gen maladi ki vin pi mal lè gen gwo chalè," te deklare Komisyonè Office of Temporary and Disability Assistance, Kristin M. Proud. "M ankouraje fanmi ki bezwen asistans sa pou yo pa tann pou yo aplike pou yo ka enstale èkondisyone pou yo anvan tanperati pi cho a rive."

OTDA mete sou kote \$3 milyon nan bourad ljan HEAP pou bay èkondisyone nan kay ki kalifye nan tout eta a. Pou yo kalifye, fanmi yo dwe reponn ak kondisyon pou jwenn revni HEAP 2013-2014 yo epi fòk gen yon dokiman ki di gen yon moun nan kay la ki soufri ak yon maladi vin pi mal nan gwo chalè. Dokiman ekri ki soti nan men yon doktè, asistan doktè oubyen yon enfimyè lisansye ki montre aklè bezwen pou yon èkondisyone obligatwa epi dwe pote yon dat ki nan douz mwa anvan yo.

Asistans pou èkondisyone HEAP pral bay sou baz premye vini premye sèvi apati dat premye me. Depatman lokal sèvis sosyal pral resevwa demann asistans. Pou jwenn ki jan pou kontakte depatman sèvis sosyal lokal pa w la, tanpri klike [isit la](#).

Kondisyon pou Jwenn Revni HEAP 2013-14

Haitian Creole

Kantite Moun nan Fanmi an	Salè Brit Maksimòm Chak Mwa
1	\$2.175
2	\$2.844
3	\$3.513
4	\$4.182
5	\$4.852
6	\$5.521
7	\$5.646
8	\$5.772
9	\$5.897
10	\$6.023
11	\$6.461
Chak moun anplis	Ajoute \$503

Rezidan New York ka tyeke tou si yo kalifye pou SNAP, ak anpil lòt pwogram ak avantaj, si yo reponn kèk kesyon sou entènèt nan myBenefits.ny.gov.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418